# Yàlla bind na yu rafet yi ak yu ñaaw yi, daal di koy leeral

Jële nañu ci Ibn Àbbaas yal na leen Yàlla dollee gërëm mu jële ci Yonente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu jële ci Boroomam mu Barkeel mi te kawe, mu wax ne: "Yàlla bind na yu rafet yi ak yu ñaaw yi, daal di koy leeral, ku yittewoo lu rafet te defu ko; Yàlla dana bindal fa moom aw yiw wu mat, bu ko yittewoo daal di koy def; Yàlla bind ko fa moom fukk yu rafet ba ci juróom-ñaari téeméeri full, ba ay full yu bari lool, bu yittewoo lu ñaaw te defu ko; Yàlla bind ko fa moom aw yiw wu mat, bu ko yittewoo daal di koy def; Yàlla bind ko fa moom wenn ñaawteef ".

[Wér na] [رواه البخاري ومسلم في صحيحيهما بهذه الحروف]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day leeral ne Yàlla dogal na yiw yi ak ñaawtéef yi daal di leeralal ñaari Malaaka yi naka lañu koy bindee: Képp ku namm a def lu rafet te dogu ci def ko dees na ko bindal wenn yiw doonte defu ko, bu ko defee nag ñu fulal ka ko fukk yu mel ni moom ba ci juróom-ñaari téeméeri yoon, ba ci ay yoon yu bari, ci kem la nek ca xol ba cig sellal ak jariñ ñeneen mbaa lu ni mel. Waaye képp ku nàmm a def ñaawtéef te dogu ci def ko, far bàyyi ko ngir Yàlla dees na ka ko bindal aw yiw, bu ko bàyyee ngir yittewootu ko te deful ay sababam deesu ko bindal dara, waaye su ko bàyyee ngir ak lott dees na ko bindal yéeneem, su ko defee nag ñu bindal ko benn ñaawtéef.

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/66533

النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee